



Demandè

**Gid pou Fè Demann pou Peman Benefis
Asistans Reyanplwa ak Kòman pou Ranpli
Kondisyon Rechèch Travay yo**

Kòman Pou Fè Rechèch pou Travay nan Sant Èd Asistans Reyanplwa a:


Aktyèlman, Reklaman ki pa gen kapasite pou antre pwòp rechèch travay chak semèn yo lè yap fè demann pou benefis Asistans Reyanplwa nan CONNECT gen opsyon pou soumèt bay Depatman an rechèch travay chak semèn yo atravè Sant Èd Asistans Reyanplwa a.

Gid etap-pa-etap sa a pral ede w aprann ki etap pou pran pou w ka bay Sant Èd Asistans Reyanplwa a enfòmasyon sou rechèch travay ou yo.

1. **Chèche Nimewo ID Dosye ki asosye avèk Rechèch Travay ki te kreye sou reklamasyon w la.** Pou w ka ranpli Fòmilè rechèch Travay la, ou dwe bay Nimewo ID Dosye sa a. Depatman an founi ID Dosye sa a ki gen rapò ak Rechèch Travay atravè korespondans imèl ak nan kont CONNECT ou a.

Remak: Si w resevwa plis pase yon imèl oswa yon notifikasyon nan CONNECT ki gen rapò ak yon Dosye Rechèch Travay, imèl la ap enkli yon Nimewo ID ki diferan ak yon seri dat ki diferan. W ap bezwen konplete pwosesis sa a pou chak diferan Nimewo ID.

2. Klike sou lyen ke yo bay la pou w ka ale sou [Sant Èd Asistans Reyanplwa Depatman](#) an.



The screenshot displays the DEO (Florida Department of Economic Opportunity) website interface. At the top, the DEO logo and 'Asistans Reyanplwa DEO' are visible, along with language options for English, Español, and Kreyòl. The main heading reads 'Sant Èd Depatman Opòtinite Ekonomik Florid pou Asistans Reyanplwa'. A sidebar on the left contains links for 'Paj Dakèy', 'Asistans Reyanplwa Gid pou Resous yo', and 'Asistans Reyanplwa Videyo Enfòmasyonèl'. The main content area features six cards with the following titles and descriptions:

- Mwen se yon REKLAMAN**: Etan kòm yon moun ki pap travay, ou ka aplike pou benefis asistans reyanplwa, jwenn asistans pou konekte sou kont ou, aprann de estati reklamasyon w lan sou CONNECT ak anpil lòt ankò.
- Mwen se yon ANPLWAYÈ**: Etan kòm yon anplwayè, ou ka reyajiste modpas ou, pa dakò ak yon detèminasyon, soumèt yon pwotestasyon masif ak anpil lòt ankò.
- Asistans Reyanplwa GID POU RESOUS YO**
- Rapòte VOL/FWOD IDANTITE**: Asistans ou ap dirèkteman ranfòse efò DEO pou asire dola taks anplwayè Florid yo depanse avèk sajès epi benefis asistans reyanplwa yo ale sèlman jwenn reklamman ki kalifye.
- EMPLOY FLORIDA**: Resous pou ede w jwenn aksè oswa kreye kont Employ Florida ou ak navige etap sa yo pou konplete pwosesis anrejistreman travay la.
- Asistans Reyanplwa VIDEYO ENFÒMASYONÈL**


3. Chwazi "Mwen se yon REKLAMAN."

The screenshot shows the DEO Asistans Reyaplwa website. The header includes the DEO logo and the text 'Asistans Reyaplwa DEO'. Below the header, there is a navigation menu with 'Paj Dakèy' and two links: 'Asistans Reyaplwa Gid pou Resous yo' and 'Asistans Reyaplwa Videyo Enfòmasyonèl'. The main content area is titled 'Sant Èd Depatman Opòtinite Ekonomik Florid pou Asistans Reyaplwa'. There are two highlighted boxes: a red one for 'Mwen se yon REKLAMAN' and a yellow one for 'Mwen se yon ANPLWAYÈ'. The red box contains the text: 'Etan kòm yon moun ki pap travay, ou ka aplike pou benefis asistans reyaplwa, jwenn asistans pou konekte sou kont ou, aprann de estati reklamasyon w lan sou CONNECT ak anpil lòt ankò.' The yellow box contains the text: 'Etan kòm yon anplwayè, ou ka reyajiste modpas ou, pa dakò ak yon detèminasyon, soumèt yon pwotestasyon masif ak anpil lòt ankò.'

4. Apre sa, chwazi "Mwen ta renmen ranpli yon Fòm Rechèch Travay", epi chwazi "Pwochen".

The screenshot shows the RA Help Center interface. At the top, it says 'RA Help Center' and 'PWOSESIS ANNATANT'. Below that, there is a section titled 'Mete detay Demann lan' with a user icon 'AU'. The main content is a list of options under the heading 'Tanpri chwazi opsyon ki pi byen dekri kesyon w lan oswa Pwoblèm ou an:'. The options are: 'Mwen ta renmen aplike pou benefis Asistans Reyaplwa.', 'Asistans pou Konekte Kont ou', 'Èd sou Estati Reklamasyon an sou CONNECT', 'Èd pou Peman Benefis', 'Avi Diskalifikasyon', 'Asistans pou Apèl', 'Asistans pou Peman Anplis', 'Dokiman Taks yo', 'Mwen ta renmen ranpli fòm rechèch Travay.', and 'Detèminasyon Monetè'. The option 'Mwen ta renmen ranpli fòm rechèch Travay.' is selected and highlighted with a red box. At the bottom, there are two buttons: 'Anile' and 'Pwochen'.

5. Li “**Kestionè pou Rechèch Travay Aktivman**” an pou w ka konprann rezon ki fè w dwe ranpli fòmilè rechèch Travay la, epi chwazi “**Kontinye**”.



Recherche Travail NOUVO

1. Byenveni 2. Identifikasyon 3. Kestion sou Rechèch travay 4. Kestion sou Rechèch travay 5. Revize epi Soumèt

Kestion sou Rechèch Travay Aktif


Kestionè sa a ap ede w rezoud pwoblèm kalifikasyon ki atkyèlman retrni peman sou reklamasyon Asistans Reyaplwa Florid ou an. Dènyèmman, lè w te fè demann pou peman benefis pou semèn ou pat travay la, depatman an pa te resevwa ase enfòmasyon pou detèmine si ou te w satisfè kondisyon rechèch travay la.

Fòm sa a te kreye pou pèmèt ou gen opòtinite pou bay depatman an plis enfòmasyon pou ede yo detèmine si ou te satisfè kondisyon rechèch travay la pou semèn ki an kesyon an, oswa si ou te satisfè yon egzanpsyon anba lwa eta a.

Fòmilè sa a te kreye sèlman pou **reklaman ki deja egziste yo** ki gen yon zafè kalifikasyon ki annatan poutèt yo pa "Aktivman ap Chèche Travay pou satisfè yon kondisyon Rechèch Travay" (Zafè Rechèch Travay). Reklaman ki gen zafè sa a sou reklamasyon yo, pral jwenn envitasyon pou ranpli fòmilè sa a atravè imèl pou akselere tretman zafè sa a.

Anle Sove **Kontinye**

6. Antre avèk anpil atansyon tout enfòmasyon yo mande sou paj "**Identifikasyon**", epi chwazi "**Kontinye**".



Recherche Travail PWOSESIS ANNATANT

✓ 1. Byenveni 2. Identifikasyon 3. Kestion sou Rechèch travay 4. Kestion sou Rechèch travay 5. Revize epi Soumèt

Tanpri antre tout Nimewo Sekirite Sosyal ou nan fason sa a (123456789) *

Tanpri antre enfòmasyon sa yo jan li parèt sou kont CONNECT ou an.
Prenon *

Siyati/Non Fanmi *


Imèl *

Tanpri antre Nimewo Identifikasyon Zafè a ki afiche sou lèt Depatman an te voye ba ou a. (Egzanp-72603150)

Tanpri antre Dat Zafè a Kòmanse ki afiche sou lèt Depatman an te voye ba ou a. (Egzanp-05/25/2021) *

Tounen Sove **Kontinye**

7. Apre sa, reponn premye kesyon Rechèch Travay la konsènan travay avèk tèt ou epi klike sou “Kontinye”



Rechèch Travay PWOSESIS ANNATANT

✓ 1. Byenveni ✓ 2. Idantifikasyon **3. Kesyon sou Rechèch travay** 4. Kesyon sou Rechèch travay 5. Revize epi Soumèt


Èske gen sèvis oswa aktivite wap antreprann nan bi pou w ka rekòmanse travay avèk tèt ou? *

Wi
 Non

Tounen Sove **Kontinye**

8. Nan pwochen paj la, bay repons a seri Kesyon ki gen rapò avèk Rechèch Travay la, epi chwazi "Kontinye".

Remak: Repons ou yo a seri kesyon rechèch travay sa yo pral kreye lòt kesyon dapre repons ou yo. Kontinye swiv enstriksyon yo bay sou ekran an jiskaske w fin bay tout enfòmasyon yo mande yo.



Rechèch Travay (W-657039) PWOSESIS ANNATANT

✓ 1. Byenveni ✓ 2. Idantifikasyon ✓ 3. Kesyon sou Rechèch travay **4. Kesyon sou Rechèch travay** 5. Revize epi Soumèt

Pandan semèn ki an kesyon an, èske w te kontakte reprezantan CareerSource Florid lokal ou a pou pale sou sèvis reyanplwa yo? (sètadi, atelye pou ekri rezime, fòmasyon pou fè bon entèvyou, èd pou chèche travay ak plasman, Tès Preparasyon pou Travay, opòtinite pou fòmasyon, elatriye.) *

Wi
 Non

Èske w nan yon revokasyon tanporè avèk anplwayè w la epi eske w pwograme pou retounen travay nan uit semèn aprè dat revokasyon tanporè a? *

Wi
 Non

Èske w pwograme pou retounen travay nan lespas sis semèn apati dat kòmansman Zafè a ki afiche sou lèt Depatman an te voye ba ou a? *

Wi
 Non

Eske ou te fè kantite rechèch obligatwa yo pandan semèn ki an kesyon an? *

Wi
 Non

Tounen Sove **Kontinye**

9. Apre w fin reponn kesyon yo mande yo, yap mennen w sou Ekran Revize ak Soumè la. Rekonèt deklarasyon ki anba a, epi chwazi "**Soumèt.**"

Rechèch Travay (W-657041) **PWOSESIS ANNATANT**

✓ 1. Byenveni ✓ 2. Idantifikasyon ✓ 3. Kesyon sou Rechèch travay ✓ 4. Kesyon sou Rechèch travay **5. Revize epi Soumèt**

Moun ki bay repons ki entansyonèlman fo pral konsidere kòm fwod epi lalwa ka pini moun sa a

Mwen sètifye ke repons ki sou fòmilè sa a se laverite nan tout sa mwen konnen epi mwen aksepte si mwen fè espere pou bay yon fo deklarasyon lalwa ka pini m.

Tounen Sove **Soumèt**

10. Anfen, ekran konfimasyon an pral montre ke ou te konplete fòmilè Rechèch Travay la epi te soumèt bay Depatman an fòmilè a pou revizyon.

Nòt: Si enfòmasyon ou te resevwa nan men Depatman an te endike ke w te gen plis pase yon semèn fòmilè rechèch travay ki dwe ranpli. Ou dwe ranpli yon Fòmilè Rechèch Travay pou chak semèn ou pat travay. Swiv etap 1-7 pou konplete lòt rechèch travay yo.

Chwazi "**Paj Dakèy**" pou kòmanse yon nouvo Fòmilè Rechèch Travay.

DEO Asistans Reyanplwa DEO
FLORIDA DEPARTMENT OF ECONOMIC OPPORTUNITY

Paj Dakèy

Rechèch Travay (W-657041) **PENDING-SUBMITTED**

Mèsi! Pwochen etap ou a nan ka a te achemine kòm sadwa.

Asistans Reyanplwa Gid pou Resous yo

Asistans Reyanplwa Videyo Enfòmasyonèl